# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अलीगढ़ में नौ सौ अट्ठावन करोड़ रूपिया क एक सौ छियासी विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि जवने विकास परियोजना क सिलान्यास आ लोकारपण भइल हौ ओकरे जरिया से हमनी के नया भारत क नया अलीगढ़ क दरसन होई। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार एक जिला एक उत्पाद में अलीगढ़ क ताला उद्योग अउर हार्डवेयर से जुड़ल सज्जो समूहन के आगे बढ़वले क कार कइलसि। एहसे नौजवानन बदे रोजिगार क नया मौका मिलल। येह मौका पर मुख्यमंत्री स्वयं सहायता समूहन के चेक अउर मेधावी विद्यार्थियन के टैबलेट दिहलें। कार्यक्रम में लाभारथियन के प्रधानमंत्री आवास योजना क चाभी अउर आयुष्मान कार्ड दीहल गइल।

**********

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन एनडीए के संसदीय दल क आजु नई दिल्ली में भइल बइठकी में पहलगाम आतंकी हमला में जान गंवावे वाले लोगिन के सरधांजलि दीहल गइल। सथहीं ऑपरेसन सिंदूर अउर ऑपरेसन महादेव क सफलता बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क सराहनों कइल गइल। संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू बतवलें कि बइठकी में ऑपरेसन के दौरान ससस्त्र बलन क भूमिको सराहल गइल।

***इंडिया पार्लियामेंट्री पार्टी मीटिंग में एक रेजुलेशन पास हुआ। ऑपरेशन सिंदूर का सक्सेसफुल हमारा मिलेट्री एक्शन के बाद फिर ऑपरेशन महादेव का जो सक्सेस है। भारत के सेना को आर्म फोर्सेस को हमने अभिनंदन किया और सराहना करते हुए देश की ओर से हम हमेशा सेना के साथ खड़ा रहेंगे।***

बइठकी में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, गृह मंत्री अमित शाह, भाजपा अध्यक्ष जेपी नड्डा अउर एनडीए क अउरियो सांसद मौजूद रहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने नई दिल्ली में कर्तव्य पथ पर नया बनल कर्तव्य भवन क उद्घाटन करिहें। येह मौका पर प्रधानमंत्री एगो सार्वजनिक कार्यक्रमो के सम्बोधित करिहें। कर्तव्य भवन के निरमाण क उद्देस्य कई गो मंत्रालयन अउर विभागन के साथे ले आके दक्षता, नवाचार अउर सहजोग के बढ़ावा दीहल हौ।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु बस्ती जिला में कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलिनि। उहां के आंगनबाड़ी कार्यकर्त्री लोगिन क एगो कार्यक्रम के सम्बोधित करत आंगनबाड़ी केन्द्रन पर सुविधा बढ़वले पर खास जोर दिहलीं। राज्यपाल बंजरिया फार्म हाउस पर आयोजित प्रगतिसील किसानन के एगो कार्यक्रमों के सम्बोधित कइलिनि। येही क्रम में उहां के कप्तानगंज में ट्रांसजेंडर पाठसाला क उद्घाटन कइलीं। एहसे पहिले काल्हि राज्यपाल अजोध्यो में अलगि–अलगि कार्यक्रम में हिस्सा लिहलिनि। येह दौरान उहां के अजोध्या धाम के पनरह वार्ड के सत्तर आंगनबाड़ी केन्द्रन क नेइ धइलीं।

**********

प्रदेस क करीब सज्जो पूरबी जिलन में मानसून पुरहर तरीका से सक्रिय बाटे। आसमान में घना बादर छवले हौ अउर रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। बरखा के नाते भइल जल–जमाव से जनजीवन परभावित हो गइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति अबहिन बनल हौ, येही नाते अगिला तीनि दिन ले जियादेतर पूरबी जिलन में हल्लुक से मध्यम बरखा क क्रम बनल रही। कुछु जिलन में लगतारे हो रहल बरखा के देखत जिला प्रसासन अगिला एक से दुइ दिन ले स्कूलन के बन्न रखले क फैसिला लिहले हौ।

ओहर, लगतारे बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस क कई गो नदियन क जलस्तर खतरा के चीन्हा से उप्पर पहुंचि गइल हौ अउर कई जगहिन पर बाढ़ि क हालति बनि गइल बा। एगो रिपोर्ट–

***कानपुर बैराज से कल पानी छोड़े जाने के कारण वाराणसी, बलिया, चन्दौली, मिर्जापुर और गाजीपुर में गंगा नदी खतरे के निशान के ऊपर बह रही है। वाराणसी में आज गंगा का जलस्तर कुछ घंटे ठहरने के बाद एक बार फिर बढ़ने लगा है। इसके चलते जिले के सभी चौरासी घाट जलमग्न हो गये हैं। कई इलाकों में गंगा और वरूणा का पानी सड़कों पर पहुंच गया है। प्रयागराज में भी गंगा और यमुना का जलस्तर खतरे के निशान के ऊपर पहुंच गया है। जौनपुर में गोमती नदी का जलस्तर तेजी से बढ़ा है। बाढ़ प्रभावित सभी क्षेत्रों में नावों और मोरटबोट से लोगों तक राहत सामग्री पहुंचायी जा रही है। एनडीआरएफ, एसडीआरएफ और पीएसी की टीमें लोगों को सुरक्षित स्थान पर पहुंचाने में जुटी हुयी हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

माध्यमिक शिक्षा मंत्री गुलाब देवी आजु अजोध्या में सिक्षा विभाग के अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलिनि। येह दौरान उहां के स्कूलन क जरजर भवन के चीन्हि के ओकर जल्दिये मरम्मत करवले क निरदेस दिहलिनि।

**********